ZIMBABWE SCHOOL EXAMINATIONS COUNCIL

General Certificate of Education Ordinary Level

SHONA LANGUAGE 4007/2

PAPER 2: Mashandisirwo eMutauro, Misambo neMaumbirwo eMutauro

NOVEMBER 2019 SESSION Maawa maviri

Additional materials:
Answer paper

NGUVA: Maawa maviri

RAYIRO KUVANYORI VEBVUNZO

Uchapiwa mapepa okunyorera mhinduro dzako.

Nyora zita rako, nhamba yenzvimbo yauri kunyorera nenhamba yako yawakapiwa somunyori papepa roga roga remhinduro rawashandisa.

Pindura mibvunzo **minomwe** chete.

Ukashandisa mapepa anodarika rimwe, asunganidze pamwe.

ZIVISO KUVANYORI VEBVUNZO

Zvibodzwa zvakapiwa muzvikomberedzo izvi ( ) pamagumo pechidimbu chemubvunzo, uye izvi [ ] panoperera mubvunzo woga woga.

Copyright: Zimbabwe School Examinations Council, N2019.

©ZIMSEC N2019

CHIKAMU I : MASHANDISIRWO OMUTAURO

Pindura mibvunzo **miviri** muchikamu chino.

1 Enzaniso dziri muzvirevo zvinotevera dzinorevei? Sarudza **shanu chete**.

(a) Baba vaigaromuyambira asi kwaive kuudza ibwe. (1)

(b) Handisati ndamboona nguruve inenge Machivei. (1)

(c) Kufakunesu idzvatsvatsva haawanikwi pamba nguva dzino. (1)

(d) Zvineni murwere chaiye hapana chaunotaura chinoitwa. (1)

(e) Sei uri nyoka yakadai nhai? (1)

(f) Mungarova Ticharwa, hapana zvamunomuita nekuti imvumba pachayo. (1)

(g) Ndanga ndatomushaya nokuti ave tsono chaiyo. (1)

[5]

2 Nyora kanyaya kanosanganisira nyaudzosingwi dzinotevera kasingapfuuri mitsara mitanhatu. Nyaudzosingwi ngadzishandiswe **padzinokodzera chaipo** mukanyaya kako.

tumbi,
gwa,
nde-e,
tiba,
dhi.

[5]

3 Sarudza tsananguro **shanu chete** kubva pane dzakapiwa ugopa tsumo inoenderana netsananguro yacho.

(a) Haufanirwi kungotevedzera zvose zvose zvaunoudzwa nemumwe munhu, usati waona kuti zvinokubatsira here. (1)

(b) Nguva zhinji vanhu vanoratidza rudo nomutsa kumunhu, panguva yaanenge achangowirwa nenjodzi, asi vachizoshanduka maitiro mushure mekanguva kadiki. (1)

(c) Munhu anonyatsozvipinza mumatambudziko achiziva, haagoni kunzwirwa tsitsi. (1)

(d) Nguva zhinji munhu anofara kana achiitira vamwe zvakaipa, asi kana zvoitika kwaari anonyunyuta. (1)

(e) Kuti vanhu vazoona kunyatsoshanda kwechinhu, ndokunge chashandiswa neanogona kuita basa kana chikashandiswa neasingagoni hapana angaona kukosha kwacho. (1)

(f) Kazhinji vanhu havapfuviswi mufaro wavo nedambudziko rinenge rawira mumwe, nokuti rinenge risinei navo. (1)

(g) Munhu haafanirwi kukanganisa, asi kana atofunga zvokuita zvakaipa anofanira kunyatsochiita, kuitira kuti kana onenerwa mhosva onenerwa zviripo. (1)

4 Nyora zvakare zvirevo zvinotevera uchiisa uwandu hwezvinhu zvakanyorwa **mumanhamba, mumazwi**, zviverengwe zvakanaka muChiShona.

Muenzaniso: Baba vangu vane madhongi **150**.
Mhinduro: Baba vangu vane madhongi **zana nemakumi mashanu**.

(a) Sekuru vatenga tutiyo **120**. $(\frac{1}{2})$

(b) Mukoma vakatengesa mbudzi **300**, mombe **1 200** nemakwai **61 000**. $(1\frac{1}{2}))$

(c) Nyika yeMozambique yakamiriririrwa nevanhu **92 000** asi Zimbabwe yaive ne**103 000**. (1)

(d) Vanhu vakaparadzirwa misha nedutu vaisvika **216 000**, vakazogadziririrwa vaingova **50 080**. (1)

(e) Vana vakaunganidza zvidhinha **973 800**, pakamuri yekudzidzira yainzi inoda **1 000 500** yezvidhinha. (1)

[5]

CHIKAMU II: MISAMBO YEMUTAURO

Pindura mibvunzo **yose** muchikamu chino.

5 **(a)** Ndaapi mashoko aungatanga kutaura kana kupindura nawo panhaurwa dzakapiwa. Mashoko ako ngaasadarika mitsara miviri.

(i) Wakokwa pagungano ravanhu kuti upe mashoko akanangana nezveutano, uri muenzi mukuru. (1)

(ii) Mombe dzako dzadya mumunda wemuvakidzani wako, waenda kunomuzivisa pamusoro pechiitiko ichi. (1)

(iii) Wakapfeka hanzu dzakaisvonaka dzakakugara zvokunge wakazvarwa nadzo, vamwe vako vokurumbidza chose. (1)

(iv) Wadarika napaurayiwa chipfuyo, vanhu vachitogocha nokudya nyama. (1)

(v) Washanya pamusha pazvarwa mwana. (1)

[5]

(b) Doma mhando yemusambo inofambirana nechiitiko choga choga chapiwa pamusoro. [5]

6 **Verenga mashoko okutenda akapiwa ugopindura mibvunzo inotevera**

"Pamusoroi muenzi wedu anoremekedzwa neukuru hwese huri pano. Chokutanga tinotenda mukokwa wedu mukuru, nokusiya mamwe mabasa avo, vachiuya pano kuzotura mashoko anokosha. Maita henyu chaizvo. Rutendo rwedu rwuri kuenda zvakare kune hukuru hwese huri pano. Maita henyu. Vamwe mose munotendwa zvikuru, nokuzvipira kuuya kuchiitiko changa chiri pano. Tose pamwe chete ngatibatanidzei maoko tichipa kutenda pachivanhu chedu."

(a) **(i)** Takatarisana nenhendo iri pamusoro, ndeapi mashoko okuremekedza vanyarikani vanokosha paungano iyi. (2)

(i) Doma musambo wakashandiswa nemutauri mundima. (1)

(ii) Mashoko ari mundima anotaurwa nemunhu anenge apihwa basa ripi paungano? (1)

(b) Ndekupi kutsaudzira kunowanzoitwa nevanenge vapihwa basa rakafanana neremutauri mundima. Buritsa pfungwa **ina chete**. (4)

(c) Pamagungano mazhinji basa guru remukokwa mukuru nderei? (2)

[10]

CHIKAMU III: MAUMBIRWO EMUTAURO

Pindura mibvunzo **mitatu chete** muchikamu chino.

7 Tsanangura misiyano iri pakati pezvivakashure zvemipanda miviri miviri inotevera.

(a) 2 ne 2a (2)

(b) 3 ne 18 (2)

(c) 15 ne 17 (2)

(d) 1a ne 17a (2)

(e) 11 ne 12 (2)

[10]

8 Umba zvirevo zvine **zviito zvako zvekuzvisarudzira** wakazviisa murebeso dzakapihwa pasi.

Muenzaniso : Yekuitira + Yekuitirana
Chiito changu : idya
Chirevo : Vana **vadyirana** michero yavo.

(a) Yemherevedzo (1)

(b) Yenyanyiso (1)

(c) Yekuitwa (1)

(d) Yekonzero / Yesakiso (1)

(e) Yekuitirana + Yekuitwa (2)

(f) Yekonzero + Yekuitirana (2)

(g) Yedzokororo + Yekuitwa (2)

9 Nyora **zvirevo zvakasiyana** uchishandisa mhando dzemaumbirwo emutauro dzakapiwa pachirevo choga choga.

Muenzaniso : mhando – zita remupanda 1

Mhinduro : chirevo – **Murume** wake akauya mauro.

(a) chidudzirachiito chenguva (2)

(b) chirevamwene (2)

(c) zita remupanda 10 (2)

(d) chitaridzanguva ichauya (2)

(e) donzo rechiito rekutuma (2)

[10]

10 (a) Ronga zvidudziramazita zviri pasi muzvikwata **zviviri** zvakakodzera ugopa zita rechikwata chega chega

chino	zvipi	iyo
icho	kano	sviye
vaye	avo	urwo
iro		

(b) Ratidza kuumbwa kwechikwata chega chega uchishandisa muenzaniso mumwe chete pachikwata.

(c) Tsanangura basa rezvikwata zvezvidudziramazita zvawaumba pamusoro uchipa mienzaniso. [10]